

MUGIHE UKENEYE IMFASHANYO

Mugihe ubuzima bugeramiwe hamagara **000**

Mugihe inzu yasambutse, kandi ukeneye ubufasha hamagara SES kuri **132 500**

Abakora muri SES baruhuta kuza. Mugufasha baraba uwufise ingorane kurusha uwundi, rero ni ukwihangana.

GUKUBURA

- Tangura gukubura hambavu y'inzu yawe – Shirahamwe ibintu bitagumye nk'amashami hamwe n'imyavu ubishire kure y'imita y'amazi be n'umurongo wa terefone
- Hamagara abo muri canso yawe kugira usabe impanuro kubijanye no guta umwavu, n'ibindi bintu nk'ivyuma vy'urugo.

IBIKORWA VYA LETA VYO MUGIHE C'IHUTHUTI

Ibitanga mu bikorwa vya Leta c'ibihe vy'ihuthuti (SES) bafasha imiryango ya Australia y'uburengerero mugihe c'ibihuhusi be no mugihe c'ibindi bigizi vyanabi.

Abitanga ba SES bafasha imiryango ku:

- Mugusanura ivyo akanya gato amazu be n'amahinguriro. Niwewe ufise uburenganzira bwo kwisanurira mu buryo bukomeye. Hamagara inshuwarensi yawe
- Gukubura ibiti vyaguye
- Mugutabara abababaye cake abakomeretse
- Gushira umusenye mu dufuko mu gihe c'umwuzure ukase
- Gufansa kwunguruzi abantu

Iyo mfashanyo iba nto ku bantu biteguriye ibihe vy'ibihuhusi; ari naco gituma abo bitanga ba SES batanga inyigisho yukuntu bagabanya ibibi biterwa n'ibihuhusi ku buzima no kumazu. Uyu mugwi ntamushahara baronka kandi baheba umwanya wabo bagakora ahakonye, ahakanye, mu muyaga kandi mubihe bibi bakaza gufasha abantu amajana bipfuzza imfashanyo y'ihuthuti.

Mugihe c'ikiyaga c'inguvu hashobora kuba inamba zabahamagara nyishi rero abahamagara bafashwa bivanye n'ukuntu ingorare bafise zingana. Abitanga ba SES atamwanya munini uheze.

INAMBA ZO GUHAMAGARA MUGIHE C'IHUTHUTI

Police, Fire, Ambulance (Iyo ubuzima bugeramiwe)	000
State Emergency Service (SES) assistance	132 500
Western Power	131 351
Horizon Power	132 351
Water Corporation	131 375
Alinta gas emergencies and faults	131 352

KURONDERA IZINDI NKURU

Webesayiti ya FESA	www.fesa.gov.au
BoM Storm Warning Advice Line	1300 659 213
Ikirere hamwe n'inkuru y'igihuhusi	www.bom.gov.au
Ivy'amabarabara (Main Roads WA)	138 138

Impanuro hamwe n'izindi nkuru biriho muri webesayiti ya FESA mu gicayina, mu Kidinka, Igifarsi, Ikivyetenamizi, Ikimandarine, Icarabu, Ikiindoneziya, Igisomali, Igishwahili, Ikifaransa, Igikantoneze, Ikiamaric, Ikinuwe, Igikareni, Ikidari, Ikirundi, Igisudanizi c'Icarabu.

Raba kuri: www.fesa.wa.gov.au

Inkuru muri aka gatabu zitangwa nabaraba ivyo umuriro hamwe nabaraba ivy'ibikorwa vyo mugihe c'ihuthuti (FESA) bakora bitanga mu bikorwa vya rusangi. Aka gatabu gategurwa neza kandi inkuru ziva ahantu hari inkuru z'ukuri. Mugabo ukuri kwizo nkuru ntigutegerezwa guca ziba izonyene gusa kandi FESA ntiyanka ukuri kubijanye ni ngingo canke ugukuramwo canke gukora ukwirikije izo nkuru hamwe ninkurikizi, nimba ziza zitumbeye canke zije mubundi buryo, bivuye kuri izo ngingo canke ugukurako inkuru zimwe. Aka gatabu ni nki nzira gusa kandi abasoma basabwa gusoma kugira barondere impanuro zabo kandi bashobore kwibaziriza ibibabakiye. Ndamukiza 2010

FESA

FESA House, 480 Hay Street Perth, Western Australia 6000
GPO Box P1174, PERTH WA 6844

Telephone: +61 8 9323 9300 Fax: +61 8 9323 9384

Email: fesa@fesa.wa.gov.au

Web: www.fesa.wa.gov.au

KWITEGURIRA IBIHUHUSI



Government of Western Australia
Fire & Emergency Services Authority



FESA
Fire & Emergency Services
Authority of Western Australia

IGIHE C'IBIHUHUSI

Ibihuhusi bishobora kuzana imvura nyishi, imiyaga yonona ibintu, umuyaga w'utubuyebuye, umwuzure hamwe n'ibiyaga vy'inguvu muri Australia y'Uburengerero hagati y'ukwezi kwa 5 n'ukwezi kwi 10 kira mwaka. Birashika igihuhusi kikaba mugihe c'amezi ashushe rero ni vyiza kwitegura umwaka wose.

NI IKI IGIHUSI?

Ibihuhusi bibaho iyo hashushe, umuyaga ukanye uhinda hambavu y'Isi utwara imbere mu kirere kitameze neza.

KUBERA IKI TWITEGURIRA IBIHUHUSI

Imiyaga yonona, imyuzure, imiravyo, imiyaga y'utubuyebuye hamwe n'ibiyaga vy'inguvu bishobora kwonona amazu, imiduga be n'ikirere. Bishobora kandi gutera ugukomereka canke kuhasiga ubuzima. Ibihuhusi vyinshi vyonona inzu bishika kuva:

- kunzu zifise ibigize insengebitagumyekanke vyavunitse
- ibiti n'amashami vyahenutse
- umwuzure uva ku mureko yazivye n'imiringoti itwara amazi

Abantu bashobora kuguma mu mutekano hama bakagabanya ubwononyi bwoba kunzu zabo mu kwitegura.

TWITEGURA GUTE?

Gutegura umuryango wawe hamwe n'inzu kubijanye n'igihuhusi ni uburenganzira bwawe. Iyo uba ahakunda kuba ibihuhusi, utegerezwa kubikora hagati y'ukwezi kwa 3 n'ukwakane 5 kugira inzu yawe ibe iteguye imbere n'inyuma. Hari intambuko zishobora gufasha mukugabanya ububi bw'igihuhusi:

- Raba ko urusenge kw'inzu hamwe n' imireko bitononekaye kance ko bitoba vyarapfunguritse
- Kura amababi y'ibiti mu miririkira n'ibindi bizibizi mu miringoti itwara amazi
- Tuturira ibiti vyegereye inzu yawe kandi urondere umuntu aca ibiti vyegereye intsinga za matara
- Kura umwavu uri mu kibanza cawe c'inzu hama ukure ibintu bitagumye ubite kure
- Kugira ibintu vyoroshe gutwara mu gihe co kwihuta hamwe n' akaradiyo, itoshi, n'amabeteri, ibikoresho vy'ikiganga (First Aid kit) hamwe n'umugambi umuryango ushobora gufata mugihe c'ihutihuti.
- Rabako umuryango wawe utahura ibijanye n'ibihuhusi hamwe n'ingaruka mbi zavyo
- Gupanga ukuntu ashobora kuvaho mugihe inzu yatewe n'umwuzure ivyo bishobora kuba nko gubanga aho ushobora kuja. Iyumvire ukuntu

ushobora kugira ibitungwa vyawe kumenya ukuntu bazimya gesi, umuyaga nkuba, n'amazi (raba kuri webesayiti ya FESA ku zindi nkuru).

- Shira kugapapuro inomeri za masimu zifasha mugihe c'ihutihuti
- Raba ko ufise inshuwarensi y'inzu be na inshuwarensi y'ivyo munzu

KWEREKANA IBIJANYE N'IKIRERE

Urashobora kuraba ibijanye n'ibihuhusi hamwe n'impanuro:

- mu makuru kw'iradiyo, kuri tereviziyo, canke kuri interenete
- kuri webesayiti ya FESA www.fesa.wa.gov.au
- kuri webesayiti y'ibiro biraba ivy'ikirere www.bom.gov.au canke uhamagare inomeri itanga inkuru z'ivy'ikirere hamwe n'impanuro z'ibijanye n'imyuzure kuri **1300 659 213**

MUGIHE HARI IGIHUSI

- Gumisha canke ukureho ibintu bitarumije hamwe n'imyavu y'iruhande y'imuhira canke yahoo ukorera akazi kuko imiyaga y'inguvu mugihe c'igihuhusi gishobora kugurura ivyo bintu bikagenda nk'ibisasu vyica
- Shiramwo umusenyi ivyo bintu bitaremereye kugira ntibitwarwe n'umuyaga
- Urabe ko ufise ibintu vyo gukoresha mugihe c'ihutihuti
- Rabako ibitungwa vyawe biri ahantu hakingiyeye
- Kura umuduga wawe musi y'inzu yayo
- Mugihe utari muhira hamagara umuryango wawe canke abagenzi bakurabire inzu
- Abubatsi basabwa gukura ibintu bitarumije hamwe n'utuntu tutarumije
- Abafise amaboti ni vyiza kuraba ko aziritse
- Abari mu makempi niviza kurondera ubundi buraro

Indya hamwe n'imiti birashobora gukenera ku bana, abatama canke ibimuga

IBINTU BIKORA MU GIHE C'IHUTIHUTI

Impapuro za kamaro zija mw'isandugu ripfunze

Itoshi

Amaga akomeye

Ibikoresho vy'ikiganga

Akaradiyo

Amata y'abana

Amabeteri

Indya zitononekara

Utumwanya tudatoborwa n'amazi



MUGIHE HARIHO IGIHUSI

- Ugara inzu yawe ugume munzu mugabo ntiwegere ahari amadirisha
- Iyo kigusanze hanze rondera ahantu heza hatagira ibiti, intsinga z'amatara, ivyuma, ibiziba, umwonga canke imikora
- Mugihe woba uri mw'ibiti, uhaye wiyoga canke usoza va mu mazi
- Iyo hari imiravyo zimya ibintu biri ku muyagankuba, kandi ntukoreshe iterefoni yo munzu
- Mugihe c'umwuzure urashobora gushira umusenyi mudufuko canke mu duhuzi twimisego
- Uhaye uratwaza umuduga mu mvura nyishi genda ugavye cane:
 - gabanya, cana amatara hama wihe uburebure bunini hagati yawe n'abandi bashoferi
 - Mugihe utabona va mw'ibarabara hama uhagarike waste amatara yerekana ko hari ingorane kugeza imvura ihise
 - Ntuce mumazi utazi uko angana

INYUMA Y'IGIHUSI

- Raba ko inzu yawe canke ibintu vyononekaye
- Raba abagenzi canke ababanyo urabeko bakeneye imfashanyo
- Kura abana ahari umwuzure, inzuzi, utugezi hamwe n'imivo
- Va ahari intsinga zakorotse kuko zishobora kuba zirimo umuriro
- Wirinde harya hari ibiti vyaguye canke inzu yahenutse
- Uhaye uratwaza, ihe uburebure burebure hagati y'izindi gari kandi ugabe na hantu usanga umwuzure
- Mugihe amabarabara arimwo umwuzure ntucemwo mugihe utazi uko angana
- Wirinde amabarabara atagira akaburimbi, anyerera kandi yibivu bituma imiduga inyerera